

Chè fanmi,

Nan Lekòl leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS), travay nou se pou fòme pwochen jenerasyon an—epi sa gen ladan pou nou pran swen anviwònman ki antoure nou an. Se poutèt sa nou lanse dezyèm ane jounen aksyon sou klima nou an nan lekòl nou yo. Nou apiye sou angajman nou pou dirabilite pou kenbe kominote nou yo pwòp, vèt ak ansekirite pou timoun nou yo—jodi a ak alavni.

Chak lekòl pral gen chans pou patisipe nan kat jounen aksyon sou klima ane sa a. Premye tèm jounen aksyon sou klima a se “Dechè,” epi pifò lekòl pral patisipe madi 19 novanm.

Gen plizyè fason lekòl nou yo ka anpeche dechè ak redui sa n ap jete. Ane sa a, yon fason n ap ajè se lè nou ofri tout lekòl K-12 sèvis konpostaj bò twotwa senk jou pa semèn.

Mwen vle ankouraje w pou angaje w ak pitit ou a sou chanjman klima a ak kòman nou tout ka fè sa nou dwe fè pou fè pati solisyon an:

1. Pou plis enfòmasyon sou jounen aksyon sou klima ale nan on.nyc.gov/psClimateActionDays.
2. Poze lekòl pitit ou a kesyon sou :
 - **Jounen Aksyon sou Klima:** Elèv pral patisipe nan aktivite ki gen rapò ak klima kowòdonatè dirabilite ki nan lekòl la òganize.
 - **Jounen manje midi san plastik :** Plizyè lekòl pral patisipe tou nan Jounen nasyonal manje midi san plastik jou 19 novanm lan. Si pitit ou a pote manje ki soti lakay li, mete l nan veso ou kapab itilize ankò, sache papyè, oswa papyè aliminyòm. Olye sachè oswa anbalaj plastik; yo ka transfòme bagay sa yo sou fòm angrè oswa yo ka resiklye yo.
 - **Don manje:** Mande direktè lekòl ou a si yo nan pwogram don manje a. Lekòl yo ka bay fanmi ak òganizasyon lokal manje oswa bwasyon ki poko ouvri, pou anpeche gaspiyay manje.

Lè nou travay ansanm, nou ka bati yon avni ki pi briyan, pi dirab. Mèsi paske w vin patnè nou epi pou tout bagay ou fè pou sipòte timoun nou yo!

Bòn chans,



Meredith McDermott

Office of Energy & Sustainability